

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa salasihiji pakakas penting dina kahirupan masarakat. Sabab ku ayana basa manusa bisa ngayakeun komunikasi jeung papada manusa. Bisa kasawang kumaha balukarna mun manusa dina hirup kumbuhna teu dibarengan ku basa.

Basa Sunda salaku basana urang Sunda, kacida pentingna pikeun terus dipiara ku masarakatna, lantaran basa Sunda penting pisan pikeun kalumangsungan hirup kumbuh masarakat Sunda. Tegesna mah basa Sunda mangrupa salasihiji cicirén pribadi masarakat Sunda. Kiwari basa Sunda téh kaasup basa daérah anu masih dimumulé tur dipaké ku masarakatna. Salasihiji buktina basa Sunda masih kénéh aya dina pangajaran anu wajib ditepikeun ti mimiti sakola dasar nepi ka SMA.

Dina pangajaran basa, Tarigan (1981:1) nétélakeun yén aya opat kaparigelan basa anu kudu ditepikeun ka siswa nu ngawengku kaparigelan *ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis*.

Salasihiji kaparigelan basa téh nya éta nyarita. Dina basa Sunda nyarita aya carana sarta mibanda aturan anu tangtu. Salasihiji aturan makéna basa Sunda téh disebutna undak-usuk basa Sunda. Ari undak-usuk basa Sunda téh mibanda aturan dumasar kana kalungguhan jeung kaakraban. Ku kituna sabisa-bisa panyatur basa Sunda ulah nepi ka nyimpang tina aturan.

Niténan kahirupan dina jaman anu modern saperti ayeuna, utamana dina hal komunikasi ngagunakeun basa, loba pisan urang Sunda nu embung ngagunakeun basa Sunda. Maranéhna leuwih resep maké basa campuran atawa basa malayu batan maké basa Sunda, sok sanajan maranéhna pituin urang sunda utamana ti kalangan para rumaja. Lamun heug di tanya naon alesanana pangna embung maké atawa ngagunakeun basa Sunda, cenah lantaran basa sunda téh hésé, jeung sieun salah ngagunakeun undak-usukna. Ieu hal memang katitén pisan, teu saeutik utamana para rumaja jeung para siswa nu nyarita ku basa Sunda tapi salah kénéh dina ngalarapkeun undak-usukna. Basa nu kuduna di larapkeun ka sorangan kalah di paké keur ka batur, atawa sabalikna, basa nu kuduna di larapkeun ka batur jadi dilarapkeun ka sorangan. Ku kituna pikeun ngungkulan ieu masalah tangtu kudu aya tarékah kumaha carana sangkan undak-usuk basa Sunda bisa gampang kacangkem tur dipaké nyarita dina kahirupan sapopoé.

Lembaga pendidikan atawa sakola dipiharep bisa jadi tempat atikan pangajaran undak-usuk basa Sunda anu leuwih merhatikeun kana tingkat kualitas pamahaman kana undak-usuk basa Sunda. Pikeun ngahontal éta tujuan perlu ayana modél pangajaran nu leuwih kreatif tur éféktif. Kasuksésan hiji prosés diajar jeung ngajar teu leupas tina cara ngajar jeung modél pangajaran nu dipaké. Dina ngajarkeun matéri pangajaran unggal guru kudu ngagunakeun daya jeung upaya sangkan siswa bisa babari ngarti jeung maham kana naon-naon anu ditepikeunana. Upama henteu maké modél pangajaran anu alus, moal bisa kahontal tujuan pangajaran anu geus direncanakeunana.

Modél pangajaran nya éta hiji jalan nu kudu dilakonan ku guru pikeun ngahontal tujuan pangajaran tina unggal matéri nu ditepikeunana. Salah sahiji model pangajaran kungsi diciptakeun ku Nanang Sos. Nanang Sos salah saurang aktifis anu micinta seni jeung budaya Sunda. Nanang Sos ogé aktif dina nulis. Nanang Sos kungsi nulis sababaraha sajak, carpon, jeung sok nyiptakeun lagu. Nanang Sos salaku pupuhu sakola di SMP Negeri 7 Tasikmalaya miboga ide nyiptakeun metode pangajaran basa Sunda hususna ngeunaan undak-usuk basa Sunda ngaliwatan lagu. Numutkeun pamikiranana budak bakal leuwih gampang nginget hiji hal upama di hariringkeun. Eta hal téh kaidean ku pupujian barudak di sakola agama lamun ngapalkeun hal-hal nu tumali jeung kaagamaan saperti silsilah Nabi atawa asmaul husna anu sok gampang kacangkemna ku barudak lantaran ngapalkeunna dilagukeun atawa dihariringkeun. Hal éta anu jadi ide Nanang Sos pikeun nyiptakeun metode pangajaran ngaliwatan Media *Audio* ngagunakeun *Compact Disc* (CD).

Média *Audio* nya éta cara ngahasilkeun atawa nepikeun matéri pangajaran ngagunakeun alat elektronik pikeun nepikeun amanat *Audio*. Ku kituna, dumasar kasang tukang di luhur, perlu ditalungtik ngeunaan modél pangajaran undak-usuk basa Sunda ngaliwatan media audio kalawan judul “Media Audio pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Undak-usuk Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A SMPN 7 Tasikmalaya Taun Ajar 2011/2012)”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing, kaéféktifitasan ieu panalungtikan diwatesanan saukur maluruh media *Audio* pikeun ningkatkeun kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya taun ajar 2011/2012.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya dina ngagunakeun undak-usuk basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Media *Audio*?
- 2) Naha aya pangaruhna media *Audio* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya dina ngagunakeun undak-usuk basa Sunda?
- 3) Kumaha hasil signifikan pangaruh media audio dina ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar, panalungtikan ieu miboga tujuan anu baris dihontal nya éta hayang nguji media *Audio* pikeun ningkatkeun kamampuh siswa sangkan siswa bisa nyarita ngagunakeun undak-usuk basa Sunda nu hadé jeung bener.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun :

- 1) kamampuh siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya Taun ajaran 2011/2012 dina ngagunakeun undak-usuk basa Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun media *Audio*.
- 2) Pangaruh media audio dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya Taun ajaran 2011/2012 dina ngagunakeun undak-usuk basa Sunda maké media *Audio*, sarta
- 3) Hasil signifikan pangaruh media audio dina ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 7 Tasikmalaya Taun ajar 2011/2012

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan sacara umum nya éta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran ngaregepkeun.

Sacara husus ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun :

- 1) siswa, dipiharep bisa leuwih minat diajar, hususna dina pangajaran undak-usuk basa Sunda;
- 2) guru, bisa ngamangpaatkeun média, hususna média *Audio* dina pangajaran séjén, henteu ngan saukur dina pangajaran undak-usuk basa Sunda. Ku lantaran média pangajaran bisa ningkatkeun kualitas diajar;
- 3) panalungtik, yén model pangajaran ngagunakeun média *Audio* méré mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan média pangajaran. Pangaweruh ngeunaan model ieu bisa digunakeun di sakola séjén.

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina modél-modél pangajaran undak-usuk basa Sunda jeung bisa nerapkeun modél pangajaran ngagunakeun média *Audio* sacara éféktif sangkan bisa ngaronjatkeun préstasi diajar siswa.

### 1.5 Wangenan Oprasional

Aya sawatara istilah dina judul anu perlu diécéskeun saperti ieu di handap.

- 1) Média ngabogaan harti wadah atawa sarana. Dina widang komunikasi istilah média anu sering ku urang kasebut-sebut sabenerna nya éta panyebutan singget tina media komunikasi, média komunikasi ngabogaan peran nu penting dina mangaruhan parobahan masarakat. Modél nya éta pola tina hiji hal anu rék dijieun atawa dihasilkeun.

Média *Audio* ngutamakeun sora atawa dédéngéan, bisa ogé jadi média komunikasi.



- 2) Kamampuh nya éta poténsi pikeun ngawasa hiji kaparigelan nu mangrupa bawaan ti lahirna atawa mangrupa hasil tina latihan, jeung digunakeun pikeun migawé hiji hal nu diwujudkeun ngaliwatan tindakan; jeung
- 3) Undak-usuk basa Sunda nya éta sopan santun dina makéna basa anu diluyukeun jeung kalungguhan, kakawasaan, kaakraban, sarta dalit henteuna antara nu nyarita jeung nu diajak nyarita sarta jalma anu dicaritakeunana. Tujuan dipakéna undak-usuk basa nya éta pikeun silih ajénan jeung silih hormat.

### **1.6 Metode Panalungtikan**

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén, nya éta ngayakeun kagiatan percobaan pikeun niténan hasil. Métode ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén anu bisa nalungtik ayana kamungkinan hubungan sebab-akibat, ku cara ngagunakeun kana hiji atawa leuwih kelompok ékspériméntal nu dibéré perlakuan.

Desain nu luyu jeung panalungtikan ieu nya éta desain tés awal jeung tés ahir. Pangukuran parobahan dina ieu panalungtikan ngaliwatan tés awal (pratés) saacan perlakuan, jeung tés ahir (pascatés) sanggeus ayana perlakuan. Anu tangtuna dina ieu panalungtikan dilakukeun dua kali observasi nya éta saméméh jeung sabada ékspérimén.